PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



shıǵarmalarında dálillegen. Shayır: "Oylı jigit jaqsı, bilimpaz keler, aytqan sózleriń túsimpaz keler" dep óziniń oy-pikirine iye, túsimpaz, kúshli bilimge iye adamlardı joqarı bahalaǵan. Onıń pikirinshe, hesh kim bilimli bolıp dúnyaǵa kelmeydi. Ilimdi iyelew kóp izleniwler nátiyjesinde rawajlanıp, bayıp baradı. Solay eken, shayırdıń dóretiwshiligindegi kámil insanlardıń jaqsı minez-qulıqların hám olardıń rawajlanıwın belgileytuǵın poziciyaǵa iye bolǵan insan aqılı turadı. [Базарбаев: 29].

Juwmaqlap aytqanda, usınday bay hám gózzal turmıslıq filosofiyalıq pikirler menen tolı bolǵan qosıq qatarları Ájiniyaz hám Berdaqtıń kórkem qúdiretlilik nıshanı ekenliginen derek beredi. Biz shayırlardıń dóretpelerin oqıy otırıp, óz dıwirinde sánemler qolında tilla saz bolǵan,tuǵırında talpınǵan alǵır baz bolǵanÁjiniyazdı, maǵrifat izlegen óz zamanınıń ozıq oylı shayırı Berdaqtı kóz aldımızǵa keltiremiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Мирзиёев Ш. Адабиёт ва санъат, маданиятни ривожлантириш - халқимиз маънавий оламини юксалтиришнинг мустаҳкам пойдеворидир. // Халқ сўзи, 2017 йил, 4 август.
2. Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1988. 80 б.
3. Әжинияз. Бүлбилзибан. Таңламалы шығармалары. Нөкис, 2014. 146 б.
4. Базарбаев Ж. Руўхыятымыз маржанлары ямаса үлгили ел үлкенин, көрегенли ел өткенин қәстерлейди. Нөкис. «Билим». 2008. 29 б.
5. Бердақ таңламалы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1987. 163 б.
6. Назарова Ш. Хаёл ва ҳақиқат фольклор ва теология кесимида. Тошкент. «Мумтоз сўз», 2013, Б 8.



**REZYUME**. Bu maqolada klassik shoirlar Ajiniyoz va Berdaq asarlarida xalqning ijtimoiy hayoti, oʻzlikni anglash, falsafiy tafakkur, jamiyatdagi hodisalarga erkin fikr bildirish, kishilar xarakteridagi goʻzzallikni, yuksak insoniy fazilatlarni anglash, ijobiy va salbiy hodisalarni bir-biridan ajrata bilish hamda ularga baho berish sifatlari haqida soʻz boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматриваются социальная жизнь народа в творчестве классических поэтов Ажинияза и Бердаха, самосознание, философское мышление, свободное выражение своего мнения о событиях в обществе, восприятие красоты в характерах людей и высоких человеческих качеств, а также способность различать и оценивать положительные и отрицательные явления.

**SUMMARY.** This article examines the social life of the people in the works of classical poets Ajiniyaz and Berdakh, self-awareness, philosophical thinking, the free expression of one's opinion on events in society, the perception of beauty in the characters of people and high human qualities, and the ability to distinguish and evaluate positive and negative phenomena.


## МЕКТЕПКЕ ШЕКЕМГИ БИЛИМЛЕНДИРИЎ ШӨЛКЕМЛЕРИНДЕ САЛАМАТ АЎҚАТЛАНДЫРЫЎДЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ

**Қурбанова Нуржамал Бахбергеновна** – *Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлигиниң «Мәмлекетлик жеке-шерикшиликти раўажландырыў секторы» жетекши қәнигеси*

**Таянч сўзлар:** мактабгача таълим, мактабгача таълим ташкилотларида соғлом овқатлантиришни ташкил этиш, таомнома тузилиши, аутсорсинг, бракераж дафтари, давлат-хусусий шерикчилик асосидаги ва оилавий нодавлат мактабгача таълим ташкилотларида тарбияланувчиларни соғлом ва хавфсиз овқатлантириш.

**Ключевые слова:** дошкольное образование, здоровое питание в дошкольных образовательных организациях, структура меню, ауторсинг, бракеражная тетрадь, здоровое и безопасное питание воспитанников в семейных негосударственных дошкольных образовательных организациях и в садах на основе государственно-частного партнёрства.

**Key words:** preschool education, healthy nutrition in preschool educational organizations, menu structure, outsourcing, marriage book, healthy and safe nutrition of pupils in family non-state preschool educational organizations based on public-private partnerships.

Балалықтан баслап инсан саламатлығына қаншелли итибар берилсе, бул әлбетте келешекте өз жемисин береди. Себеби, инсан балалықта неге үйретилсе, өмиринде үлкен

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



имканиятлар жаратылады. Әсиресе, балалар аўқатланыўын шөлкемлестириў өсип киятырған жас әўладтың саламатлығын сақлаўда, олардың ақылый ҳәм физикалық раўажланыўында ҳәм зат алмасыў процесслериниң бир тегис тәмийинленип турыўы ҳәр тәреплеме айрықша әҳмийетке ийе. Сол ушын балалар физиологиялық жасына сай аўқатланбаса, биз берип атырған тәлим-тәрбияны толығы менен қабыл етпейди. Бала туўылғанынан баслап 7 жасқа шекем болған дәўирде, пүткил өмири даўамында керек болатуғын иммунитетти жыйнап алады екен. Бул айне мектепке шекемги билимлендириў шөлкемине баратуғын дәўирди өз ишине алады. Сонлықтан биз мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде саламат аўқатландырыўды шөлкемлестириўге айрықша әҳмийет бериўимиз керек.

Соны айрықша атап өтиўимиз керек, бүгинги күнде мәмлекетимизде қабыл етилген нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлерде мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде саламат аўқатландырыўды шөлкемлестириў, мәмлекетлик сиясаттың әҳмийетли бағдарларының бири сыпатында қаралмақта. Әсиресе, тәрбияланыўшылардың саламат аўқатланыўын шөлкемлестириў мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлериниң асханаларында санитария қағыйдалары, нормалары ҳәм гигиена нормативлерине муўапық шараятлар жаратыў жолында бир қатар көлемли жумыслар әмелге асырылып атыр. Өйткени, мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерин азық-аўқат өнимлери менен тәмийинлеў тәртибин үйрениў ҳәмде сапа талапларына ҳәм санитариялық-гигиеналық нормаларға жуўап беретуғын азық-аўқат өнимлери ҳәм таяр аўқатлар жеткерип бериўдиң ашық-айдын ҳәм эпиўайыластырылған системасын жаратыў бүгинги күнниң ең әҳмийетли мәселелеринен бири есапланады. Бул бойынша ҳүкиметимиздиң бир қатар пәрман ҳәм қарарлары қабыл етилди.

Атап айтқанда, 2025-жыл 6-январь күни «Мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде саламат аўқатландырыў тәртибин жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы 1-санлы Ҳүкимет қарары қабыл етилди. Қарарға бола, мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерин басқышпа-басқыш аутсорсинг усылында аўқатландырыў системасына өткериў, «Бирден-бир мәўсимлик тағамнама»ны енгизиў ҳәм азық-аўқат қәрежетлериниң есабын «Балалар бақшасы» мектепке шекемги билимлендириўди басқарыў мәлимлеме системасында жаратылған модульлер арқалы жүргизиў, аўқатланыўды ҳәм қадағалаў орайын шөлкемлестириўди әмелге асырыў болып табылады.

Сондай-ақ, қарар менен «Мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде аутсорсинг усылында саламат аўқатландырыўды шөлкемлестириў тәртиби ҳаққында»ғы реже тастыйықланды. Онда мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери тәрбияланыўшыларының саламат, қәўипсиз ҳәм сапалы аўқатланыўын тәмийинлеў мақсетинде 2025-жыл 1-июльға шекем «Бирден-бир мәўсимлик тағамнама» енгизиледи. Яғный, Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде саламат тағамнама қәлиплестирилиўинде күнлик рационда балалардың тийкарғы азық-аўқатлық затларға болған зәрүрлиги ҳәм жасына сай энергия қуўатлылығы менен толық тәмийинлениўи, олардың тәрбияланып атырған жағдайы ҳәм саламатлығы, қалаберсе, аўқатланыўдың ықлымнан келип шығып ҳәм миллий өзгешеликлери есапқа алынады.

Балалар аўқат рационын қәлиплестириўде өнимлер күн даўамында туўры бөлистирилиўи керек. Мәселен, белокқа бай өнимлер май менен берилсе, бала асқазанында узақ ўақыт сақланып турады ҳәм көбирек муғдарда синдириўши асқазан ширесин талап етеди, сонын ушын гөш, балық, мәйек киби өнимлери бар тағамларды күнниң биринши ярымында азанғы аўқат ҳәм түсликке бериў усыныс қылынады.

Кешки аўқатқа балаларға сүтли ҳәм өсимликлерден таярланған женил сиңиўши аўқатлар бериў мақсетке муўапық болады.

Тағамнама дүзилгенде сүт, гөш, сары май, жарма, нан, мийўе, палыз, қант сыяқлы биологиялық қунлыққа ийе болған өнимлер хәр күни киритиледи. Балық, мәйек, сыр, сметана, творог өнимлери күнлик нормаларда аз муғдарды шөлкемлестиргенлиги, сондай-ақ, олардан ҳәр күни бөлек тағам таярлаўға имканияты болмаслығы себепли, тағамнамаға хәр күни киритилмейди, бирақ усы өнимлердиң белгиленген муғдары декада (10 күн) даўамында толық берилиўи шәрт.

Мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги тәрепинен тастыйықланған ҳәм Республика Санитария-эпидемиологиялық тынышлық ҳәм

PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com

PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com

дәмийет саламатлығы хызмети менен келисилген мәўсимлик (гүзги, қысқы, бәҳәрги ҳәм жазғы) тағамнамалар тийкарында аўқатлар таярланады. Соның менен бирге 2025-жыл 1-июльға шекем мәмлекетлик бақшаларда исбилерменлер менен белгиленген тәртипте шәртнамалар дүзилиўи ҳәм аутосорсинг усылында саламат аўқатландырыўдың жолға қойылыўы тәмийинленеди. Аутсорсинг усылында таярланғанда мектепке шекемги билимлендириў шөлкеми асханасы улыўмалық аўқатланыўға қәнигелестирилген исбилерменлерге ижараға бериледи ҳәм усы кәрхананың технолог ҳәм аспазлары тәрепинен тағамнамалар кәлиплестирилип, аўқатлар таярланады. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў шөлкемлеринде аўқатлар 2 түрли усылда таярланады.

1. Тағамлар мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлериниң асханасында таярланғанда: Район (қала)лық мектепке шекемги билимлендириў бөлимлери тәрепинен азық-аўқат өнимлери сатып алынып, МШБШ мийирбийкеси, ҳожалық ислери меңгериўшиси ҳәм аспазлар тәрепинен тағамнама дүзилип, асханада аўқат таярланады.

2. Аутсорсинг усылында таярланғанда: МШБШ асханасы улыўмалық аўқатланыўға қәнигелестирилген исбилерменлерге ижараға бериледи ҳәм усы кәрхананың технолог ҳәм аспазлары тәрепинен тағамнамалар кәлиплестирилип, аўқатлар таярланады.

Мектепке шекемги билимлендириў шөлкеминде азық-аўқат өнимлерин ҳәм тағамлар сыпатын үйрениў бойынша бракераж комиссиясы шөлкемлестириледи.

Мектепке шекемги билимлендириў шөлкеми директорының бракераж комиссиясын тастыйықлаў ҳаққындағы буйрығы ҳәр жыл ушын өз алдына қабыл етиледи.

Мектепке шекемги билимлендириў шөлкеми мийирбийкеси бракераж комиссиясының баслығы болып, оның қурамына тәрбияшы, аспаз, шөлкемнин кәсиплик аўқамы комитети баслығы ҳәм тәрбияланыўшылардың ата-аналары яки олардың орнын басыўшы шахслар ағза сыпатында киритиледи.

Бракераж комиссиясы асханаға қабыл қылынатуғын азық-аўқат өнимлери ҳәм таярланып атырған тағамлар сыпатын үзликсиз рәўиште үйренип барады. Үйрениў нәтийжелери бөлек бракераж дәптерлеринде дизимге алып барылады.

Соны да атап өтиў керек, мектепке шекемги шөлкемлерде саламат аўқатландырыўды шөлкемлестириў мақсетинде бир қатар илажлар – пресс-тур, медиа-тур, баспасөз конференциялар шөлкемлестирилмекте. Әсиресе, Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги тәрепинен «Меҳрибанлық корпусы» шеңбериндеги илажлар турақлы түрде қала ҳәм районларда өткерилмекте. Халықаралық «Mercy Corps» шөлкеминиң «MakGovern-Doul» бағдарламасы, балалардың билим алыўы ҳәм аўқатланыўы ушын шараятларды жақсылаўға бағдарланған ҳәрекет саналады. Бул шөлкемниң мақсети Қарақалпақстандағы мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде қәўипсиз аўқатландырыў менен биргеликте, материаллық-техникалық базасын ҳәм билимлендириў сапасын жақсылаўға қаратылған.

Мектепке шекемги билимлендириў шөлкеминдеги азық-аўқат өнимлери ҳәм таярланып атырған аўқатлар, сондай-ақ, оларда пайдаланылатуғын технологиялық үскенелердиң санитариялық қағыйдалары, нормалары ҳәм гигиена нормативлерине муўапықлығы, асхана хызметкерлери тәрепинен санитария-гигиена илажлары орынланыўына әмел етилиўин анықлаў бойынша тастыйықланған кесте тийкарында ҳәр айда санитариялық жағдай үйренип барылыўын тәмийинлеўден ибарат. Мектепке шекемги билимлендириў министрлиги ҳәм Қаржы министрлиги менен биргеликте мектепке шекемги билимлендириў шөлкеми тәрбияланыўшыларын азық-аўқатлық өнимлери менен тәмийинлениўди белгилеўши санитария қағыйдалары, нормалары ҳәм гигиена нормативлерин үш ай мүддетте қайта көрип шығып, зәрүр жағдайларда өзгерис киргизиў илажлары көриледи.

Төмендегилер мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде саламат аўқатландырыўды шөлкемлестириўдиң тийкарғы ўазыйпалары есапланады:

– тәрбияланыўшылардың белгиленген санитария қағыйдалары, нормалары ҳәм гигиена нормативлерине муўапық аўқатланыўды шөлкемлестириў;

– тәрбияланыўшыларды сапалы азық-аўқат өнимлери менен тәмийинлеў;

– азық-аўқат өнимлери ҳәмде тағамлардың қәўипсизлиги ҳәм сапасын кепиллеў;

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

–тәрбияланыўшыларда аўқатланыў менен байланыслы жуқпалы кеселликлердиң тарқалыўына жол коймаў;

–тәрбияланыўшылар арасында саламат аўқатланыў көникпелерин қәлиплестириў;

– аўқатларды таярлаўда, азық-аўқат өнимлерин қабыллаў хәмде сақлаўда санитария қағыйдалары, нормалары хәм гигиена нормативлерине қатаң әмел етиў.

Тәрбияланыўшыларды саламат аўқатландырыў бағдары аутсорсинг усылында шөлкемлестирилмеген жағдайда тиккелей мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери тәрепинен шөлкемлестириледи.

Тәрбияланыўшыларды саламат аўқатландырыў санитария-гигиена илажлары хәм эпидемияға карсы илажлардың орынланыўына қатаң әмел еткен халда шөлкемлестириледи. Аспазлар тәрепинен аўқат таярлаў процессинде технология хәм техника қәўипсизлиги қағыйдаларына әмел етилиўи әхмийетли орын ийелейди.

Демек, саламат турмыс тәризин қәлиплестириўдиң тийкарғы мазмунын қурайтуғын тийкарғы факторлардан бири бул саламат (дурыс) – рационал аўқатланыў болып табылады. Рационал аўқатланыў машқаласы, халық арасында саламат турмыс тәризин қәлиплестириўдиң ең тийкарғы хәм жетекши принциплеринен бири есапланады. Саламат аўқатланыў – саламат турмыс тәризиниң тийкарғы бағдарларынан бири болып, саламат аўқатланыў илим хәм көникпелеринен хабардар болыў хәр бир инсан ушын зәрүр. Саламат аўқатланыў – бул инсанның өсиўи, нормаль раўажланыўы хәм турмыс искерлигин, оның саламатлығын беккемлеў хәмде кеселликлердиң алдын алыўды тәмийинлеўге имкан бериўши аўқатланыў болып табылады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. «Мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде саламат аўқатландырыў тәртибин жетилистириў илажлары хаққында»ғы 2025-жыл 6-январь күниги 1-санлы Ҳүкимет карары.

2. «Мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў мәкемелеринде саламат аўқатландырыў системасын жәнеде жетилистириў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 25-июльдеги 626-санлы қарары.

3. Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде тәрбияланып атырған балалардың қәўипсиз хәм сыпатлы аўқатланыўын шөлкемлестириўге қойылатығын гигиеналық талаплар (СанҚваН №0016-21)

4. «Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде саламат аўқатландырыўды шөлкемлестириў бойынша аспазлар ушын оқыў қолланбасы». Г.Юлдашев, Нөкис 2023-ж.

5. http://www.uzedu.uz - Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги хәм мектеп билимлендириў министрлиги сайты.

6. http://www.kkedu.uz – Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги хәм мектеп билимлендириў министрлиги сайты.

7. http://www.lex.uz - Өзбекстан Республикасы Нызам хүжжетлери мағлыўматлар миллий базасы сайты.

## JÁMIYETTI ANALIZLEWDE SINERGETIKA PARADIGMASÍNÍŃ METODOLOGIYALÍQ ÁHMIYETI

**A.K.Orazbayev** – *Sociallıq pánler kafedrasınıń docenti, f.i.b.f.d (PhD)*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanısh sózler:** sinergetika, jámiyet, shaxs, ashıq sistema, xaos, óz-ózin shólkemlestiriwshi, bifurkaciya, sızıqlı sistema, sızıqlı emes sistema.

**Ключевые слова:** синергетика, общество, личность, открытая система, хаос, самоорганизация, бифуркация, линейная система, нелинейная система.

**Key words:** synergetics, society, personality, open system, chaos, self-organization, bifurcation, linear system, nonlinear system.

Jámiyetti izertlewdiń hár qıylı paradigmaları islep shıǵılǵan. Sonday-aq, naturalistlik paradigma, konstruktivistlik paradigma, postmodernistlik paradigma, psixologiyalıq paradigma h.t.b. Naturalistlik paradigmada jámiyet biologiyalıq organizm sıpatında yaki mexanikalıq mashina sıpatında úyrenilgen bolsa, konstruktivistlik paradigmada jámiyet insan tárepinen jaratılǵan konstrukt sıpatında, postmodernistlik paradigmada xaotikalıq